



MITEMO YESADC INOONA NEKUCHERECHEDZA VANHUKADZI NEVANHURUME NEBUDIRIRO

**YAKATANGA KUSHANDA MUSI WA
17 NYAMAVHUVHU 2008**

*Mitemo yeSADC inoona
neKucherechedza
vanhukadzi nevanhurume
neBudiriro:*

ZVAINOSANGANISIRA
zvitsidzo zvakaitwa
zvakanangana nekuenzanisa
vanhukadzi nevanhurume
nenyika dzemudunhu rino
nepasi rose.

INOSIMBARADZA
zvitsidzo izvi
nekugadzirisa pakasiwa
mukaha uye kutara
zvinotarisirwa kuti
zviitike apo zvange
zvisina kumbobvira
zvatarwa.

INOSIMUDZIRA
kuenzaniswa kwevanhukadzi
nevanhurume kuburikidza
nekuona kuti nyika dzose
dzeSADC dziri kutevedza
zvitsidzo izvi, uyewo
nekuwanisa mukana
wokugoverana zvakanaka
zvinofanira kuitwa pamwe
nekutsigirana kwevanhu
vamwe.



MITEMO YESADC INOONA NEKUCHERECHEDZA KUENZANA KWAVANHUKADZI NEVANHURUME NEBUDIRIRO NEPAFUPI

ZVIKURU ZVINOTARISIRWA	ZVINOREVEI KUZIMBABWE?
ZVIKAMU 4 - 8: BUMBIRO REMITEMO NEKODZERO DZEMITEMO, KUVA NEMUKANA WEKUBATWA ZVAKANAKA JASI PEPAMUTEMO Panozosvika gore ra2015: •Mabumbiro ose emitemo mudunhu reSADC anofanira kuva nezvikamu zvinocherechedza kuenzana kwevanhukadzi nevanhurume, nekuona kuti izvi hazvipokani neimwe mitemo yose. Izvi zvinosanganisira kuenzaniswa kwevanhukadzi nevanhurume muwanano. •Nyika dzose dzinofanira kubvisa mitemo yose inodzvanyirira uye kubatwa kwevanhukadzi sevana vadiki kana mitemo yose inoita kuti vanhukadzi vave pasi pevanababa, varume kana vanakomana vavo kana dzimwe hama dzavo dzechirume.	Zimbabwe yakasayina, ikatsidzira nekubumira zviri pamutemo, zvitsidzo, zviбудimirano nemitemo yakasiyana-siyana zvakanganana nekuti paumbwe mukana wekuenzanisa vanhukadzi nevanhurume. Izvi zvinosanganisira zvinotevera: Chibvumirano chekubvisa hudzvanyiriri hwose hunoitirwa vanhukadzi (Convention on the Elimination of All Forms of Discrimination Against Women (CEDAW);Chitsidzo chepasi rose chekodzero dzevanhu (Universal Declaration of Human Rights); Chibvumirano chekodzero dzechupfumi, kugarisana kwevanhu netsika (Convention on Economic, Social and Cultural Rights (ECOSOC); Chibvumirano chinotara makore anotarisirwa kuti vanhu varoorane nekunyoriswa kwemichato (Convention on the Minimum Age for Marriage and Registration of Marriages); Chibvimirano cheniyika dzeSADC pamusoro pekucherechedza vanhukadzi nevanhurume nebudiriro (Southern African Development Community Declaration on Gender and Development (1997), nezvakazowedzerwa muna 1998 and (Addendum (1998). Bumbiro remitemo reZimbabwe harikwanisi kushanda rakamira roga nguva dzose, harisungiri hurumende kuti itevedze zviбудimirano nezvitsidzo zvayakasayina. Pakugadziriswa kuri kuitwa bumbiro remitemo parizvino, vemapoka anomiririra vanhu veruzhinji vari kukurudzira kuti bumbiro idzwa rigadzirise mukaha iwoyu. ✓ Kunyange zvazvo kugadziriswa kwebumbiro remitemo kuchibvisa mitemo inodzvanyirira kusati kwaitwa, mitemo inotevera yakanhadzurudzwa pamakore makumi maviri adarika: (1991) Deeds Registry Amendment Act - hazvichasungirwi kuti munhukadzi ataufe kuti akaroorwa kana kuti kwete uye kuti ataufe zita remurume wake rizere kana achida kugadzirisa tsamba dzinoratidza kuti ndiye muridzi wezvinhu (deeds) kana mamwe matsamba akakosha aano gadzirisa iye kana aano gadziririrwa. (1997) Administration of Estates Amendment Act - mutemo uyu wava kudivi revanhukadzi panyaya dzenhaka, uchiita kuti anenge afirwa asare neimba nemidziyo yose yemumba.
CHIKAMU 9: VANHU VAKAREMARA •Kodzero dzechutano, kugara zvakana nedzimwewo dzevanhu vakaremara dzinofanira kukurudzirwa nekuchengetedzwa.	✓ Zimbabwe ine mutemo unoona nezvevakaremara (Disabled Persons Act), unosimudzira nekuchengetedza vakaremara uye uchiita kuti pave nebasa remukuru anoona nezvevakaremara (Director for Disabled Persons’ Affairs), nekuumbwa kwesangano rinoona nezvevakaremara munyika. (National Disability Board) ✓ Chinyorwa chinotsanangudza zvakarongerwa vakaremara chakatopera kunyorwa uye chimirira kuti hurumende ibvumirane nacho. Chinyorwa ichi chinotarisa zvakanganana nevakaremara munyaya dzechupfumi nezveematongerwo enyika. ✓ Parizvino hapana akamiririra vakaremara muparamende, unova mukaha unofanira kugadziriswa. ✓ Hurumende yakaratidza chido chayo chekuda kusayina bumbiro renyika dzepasi rose rinoona nezvekodzero dzevakaremara.
CHIKAMU 10: KODZERO DZECHIRIKADZI NEVARUME VAKAFIRWA VEKADZI • Kunze kwokunge zvatarwa nedare remitemo, chirikadzi dzinofanira kuve nekodzero yekugara nekuchengeta vana vadzo, kodzero yekugara mumba yavo yewanono uye kupiwa mugove wakaenzanirana wepfuma inenge yasiyiwa nemurume paanoshaya. •Chirikadzi ichava nekodzero yokuoorwa zvakare munhu wainoda, uye dzinofanira kudzivirirwa kubva mumarudzi ose okuitirwa zvechisimba. Kodzero idzi dzinowaniswawo kuvarume vakafirwa nevakadzi.	✓ Parizvino baba ndivo muchengeti anocherechedzwa nemutemo we mwana anenge aitwa nevaviri vakachata/vakaroorana. Kunyange zvakadaro hazvo pane kupokana kuripo pakati pemutemo nemaonerwo avinaitwa ekwamudzviti. Vanhukadzi vanonetseka pakutora zvitupa, semuenzaniso mapasipoti evana sezvo vanaamai vachinzi havasivo vane mvumo yekuchengeta vana zviri pamutemo. ✓ MuZimbabwe parizvino, murume akafa, mudzimai anenge asiyiwa anobva ava iye mutariri nemuchengeti wevana, kunze kwokunge matare emutemo atara kuti chirikadzi iyi haina kukodzera kusara nevana. ✓ Mutemo unotara kuti kana pasina kunyorwa gwaro rinotsanangura magoverwo achaitwa nhaka yemufi, anenge asara panofa umwe wevakawanana ndiye anobva ava muridzi weimba yavaigara, uye anowanawo mugove wake panhaka, zvimwe zvose zvinenge zvasara zvopihwa kuvana. Zvakadaro hazvo, mutemo uyu haunyatsoite kuti vana vawane zvakakwana. Semuenzaniso, kana murume akafa, mudzimai anosara anotaraimba. Mukadzi uyu anogona kuzoorwa zvakare, paanofaimba iya inozosara yave yemurume uye ane amuroora. Vana vava vanababa vakatanga kufa vanozosara vasina pekugara. ✓ Vagari vemunharaunda vanoomesera chirikadzi inenge yasiyiwa kuti isaroorwa nemurume wainenge ichida asiri wehukama nemurume anenge afa. Izvi zvinombunyikidza kodzero yekuti munhu aroorwe nemhunhu waanenge achida.
CHIKAMU 11: MWANAKOMANA NEMWANASIKANA •Zvirongwa nemitemo zvinofanira kuvepo kuitira kuchengetedza nekuvaka mwanasikana nemwanakomana. Izvi zvinosanganisira kubvisa kutarisirwa pasi kwose mumhuri, munharaunda, munzvimbo dzecheruzhinji nemuhurumende. •Mafungiro nemaitiro etsika dzevanhu anokuvadzisa anofanira kubvisa, izvi zvinosanganisira kuitira vamwe zvechisimba nekushandiswa pasina mubayiro unokodzera. •Kunofanira kuva nemukana wakaenzana wekuwana zvehutano nedzidzo.	Mitemo inoona nezvekodzero dzevana muZimbabwe inosanganisira inotevera: ✓ Mutemo wedzidzo, unoti ikodzero yemwana wose kuti awane dzidzo. Kunyange zvazvo mutemo uyu uchikomekedza kuti mwana wose wezera rekudzidza kupuraimari anofanirwa kuenda kuchikoro, mutemo uyu unopa mutoro uyu kuvabereki vevana asi mutoro uyu uchifanira kuva wehurumende kuwaniswa vana vose dzidzo yepuraimari pachena. ✓ Chisungo chekodzero dzevana chemuna1989, chinobuditsa pachena kuti vana vanhuwo vakazvimiririra vane kodzero dzavo. Zimbabwe yakasayina ichibvumirana nechisungo ichi zviri pamutemo munaGunyana 1990. Dambudziko guru riri kusanganikwa naro muZimbabwe pakuedza kutevedzera chisungo chekodzero dzevana, kuvapo kwemitemo miviri inoti: mutemo webumbiro remitemo nemitemo yetsika nemagarire. Izvi zvinaita kuti kutevedzwa kwechisungo ichi kunetse. ✓ Kodzero yedzidzo haina kunyorwa mubumbiro remitemo reZimbabwe iro rinonzi nevagorori vevzemitemo harina kusimba panyaya dzekodzero dzecheruzhinji nedzvezvehupfumi. ✓ Kubva muhurongwa hwebhaji ya2007, zvikamu makumi mapfumbamwe nezviviri (92%), nezvikamu makumi mapfumbamwe nezvitanhatu kubva muzana (96%) zvevari yedzidzo yepuraimari nesecondari zvichitevedzana zvakadaro, yakashandiswa kubhadhara vashandi. Zvinoshandiswa nemabasa anotsigira pakuwanisa dzidzo zvakagoverwa mari inosvika chikamu chimwe nezvidimbu makumi matatu nezvishanu kubva muzana kusecondari (1.35%), nezvidimbu zvechikamu makumi matatu nezvisere kubva muzana kupuraimari (0.38%).
ZVIKAMU 12-13 : BASA REKUTUGAMIRIRA NYIKA (KUMIRIRIRA NEKUSHANDA) •Panozosvika gore ra2015, vanhukadzi vanofanira kuve vatora chikamu chapakati nepakati chezvinzvimbo zvakakosha muSADC, mumakambani akazvimiririra oga, makambani everuzvinji (kusanganisira kuva nhengo dzeparamende), makeanzura nekuva makurukota ehurumende) •Nyika dzeSADC dzinofanira kuona kuti vanhukadzi vave nehekekuitawo chionoonekwa pahurongwa hwesarudzo nepakutora matanho akakosha kubudikidza nekuita kuti vakwanise kuita izvi nekutsigira nekusimbaradza zvirongwa zvinosimbaradza kuenzaniswa kwevanhukadzi nevanhurume.	✓ Mapato ezveematongerwo enyika ane mikana yaanopa kuvanhukadzi kuti vawane zvigaro mune zvevatomerwo enyika, sezvinotevera: ZANU PF, zvikamu makumi matatu kubva muzana (30%); MDC T, zvikamu makumi mashanu kubva muzana (50%) neMDC M, zvikamu makumi mashanu kubva muzana (50%). ✓ Kune makurukota manomwe evanhukadzi kubva pamakurukota makumi mana nemumwe, zvinova, zvikamu gumi nezvinomwe kubva muzana (17%). ✓ Kunogova nevanhukadzi vatatu chete panhengo gumi nembiri dziri mukomiti inoongorora mafambiro ari kuita hurumende yemubatanidzwa (JOMIC), zvinova, zvikamu makumi maviri nezvishanu kubva muzana (25%). Komiti iyi yakaumbwa kuti iwongorore kutevedzwa nekufambira mberi kwezvakawiriranwa pakumba hurumende yemubatanidzwa (GPA). ✓ Panhengo dzedare reparamende repamusoro reseneti dzinosvika makumi mapfumbamwe nevaitatu, makumi maviri nevaitatu vanhukadzi, zvichireva kuti vanhukadzi vanosvika zvikamu makumi maviri nezvishanu kubva muzana (25%). ✓ Pamakurukota ehurumende makumi matatu nevatanhatu, vanomwe vanhukadzi - vanova zvikamu gumi nezvipfumbamwe kubva muzana (19%). ✓ Panhengo dzeparamende mazana maviri ane gumi, makumi matatu nevaviri vanhukadzi - kuita zvikamu gumi nezvitanhatu kubva muzana (16%).
CHIKAMU 14: DZIDZO NEDZIDZISO YEMABASA Panozosvika gore ra2015: •Kunofanira kuva nemukana wakaenzana wekuwana dzidzo yepamusoro kuvanhukadzi nevanhurume zvichisanganisira kuchengetwa kwavo vose pamatanho ose edzidzo. •Kunofanira kuva nehurongwa hwedzidzo hunocherechedza vanhukadzi nevanhurume kuitira kubvisa kufungira kusiko nekuitirana zvechisimba munzvimbo dzinowanisa dzidzo	✓ Mutemo wedzidzo wemuZimbabwe (Chapter 25:04), haucherechedzi musiyano uripo pakati pevanhukadzi nevanhurume. Unotara vana vose sevakangofanana usingabuditsi nyaya yekuti mwanasikana anofanira kuva muchikwata chake oga, sezvo aine zvimwe zvaanoda zvakakosha zvinofanira kucherechedzwa padanho rekugadzira hurongwa hwedzidzo hwenyika yose. ✓ Gwaro rinotsanangudza pasvika neChirongwa cheZimbabwe Millenium Development Goals ra2004 rinotaridza kuti pakukwira kunoitwa nematanho edzidzo ndiko kudererawo kunaita huwandu hwevasikana nevanhukadzi muchikamu chedzidzo. ✓ Bazi reDzidzo rakamba mutemo unoongorora mabatiirwe anoitwa basa nevadzidzisi zvakanganana nekuitirana zvechisimba pakati pevanhukadzi nevanhurume muzviro. Mudzidzisi wese anenge afungirwa kuti atyora mutemo uyu anoiswa pamberi padare reBazi reDzidzo. Kana mwana wacho anenge aitiirwa zvechisimba ari pasi pemakore gumi nematanhatu, Bazi reDzidzo rinoendesha nyaya iyi kumatare edzimhosva.
ZVIKAMU 15-19: ZVIWANIKWA ZVINOUNZA BUDIRIRO NEKUWANIKWA KWEMABASA, NEKUSIMUDZIRWA MUNE ZVEHUPFUMI Panozosvika gore ra2015, hurumende dzinotaririrwa kuti: •Dziona kuti vanhukadzi nevanhurume vanopiwa mikana yakaenzana pakuronga zvehupfumi nepakufambisa zvinenge zvarongwa zvacho. •Dzigovere zviwanikwa kuchitevedzwa bhajeti inocherechedza vanhukadzi nevanhurume kuitira kuti zvavanoda zviwanikwe zvakaenzanirana. •Dziwanise vanhukadzi nevanhurume mikana yakaenzana yekugona kutenga kana kutegeza nekuvamba mabhezinesi. •Dziongore zvirongwa nemitemo inoona nezvekuwanikwa kwezvekushandisa zviwanikwa zvinounza budiriro nevanhukadzi zvinosanganisira ihvu/minda nemvura. •Dziona kuti vanhukadzi nevanhurume vanowaniswa mikana yakaenzana yekuwana mabasa ane mubhadhara	✓ Muchikamu chemabhizimusi akazvimiririra oga, semuenzaniso, pamusika wemari weZimbabwe, vanhurumende ndivo vanongoonekwa mubasa iri. Pavatengesi makumi matatu nevashanu vanotengesa zuva nezva pamusika uyu, vanhukadzi vanogova vana chete, uye pavana ivavo vatatu havasati vanyoreswa zviri pamutemo kuti vatengese. ✓ Kubva muongororo yevashandi yakaitwa mugore ra2004, zvikamu makumi manomwe nezvipfumbamwe kubva muzana (79%) zvevashandi hazvina kudzidzira kuita mabasa. Muchikwata ichochi, zvikamu makumi mashanu nezvina kubva muzana (54%), vanhukadzi. Pazvikamu zvishanu kubva muzana (5%) zvevashandi vakadzidzira mabasa avo, zvikamu makumi mana kubva muzana (40%) vanhukadzi. ✓ Kusava nemukana wakaenzana kwevanhukadzi kunobuda pakuti vanhukadzi vanogova zvikamu makumi maviri nezvipfumbamwe kubva muzana (29%) zvevashandi vari mumabasa avanobhadharwa avakapinda zvachose. Vanhukadzi vanowanikwa zvekare vari zvikamu makumi matatu nezvipfumbamwe zvine zvidimbu zvisere kubva muzana (39.8%), zvevashandi vanoshanda vachimbopota vachimiswa kana basa rava shoma uyewo zvikamu gumi nezvisere kubva muzana (18%), zvevashandirwi, vanhukadzi. (Labour Force Survey 2004) ✓ Pahuwandu hwevanhukadzi hunosvika zvikamu makumi mashanu nezviviri kubva muzana (52%), zvikamu makumi masere nezvitanhatu kubva muzana (86%) zvevanhukadzi ava, vanogara kumaruwa vachinyanyoita zvekurimira mhuri dzavo kana kushanda mumapurazi. ✓ Nedonzvo rekuda kuti vanhu vagone kusimukira munyaya dzechupfumi, hurumende yakaumba Bazi rinoona nezvekutangwa

ZVIKURU ZVINOTARISIRWA		ZVINOREVEI KUZIMBABWE?
muzvikamu zvole zvehupfumi.		kwemabhizinesi madiki neari pakati nepakati kuti ritsigire mabhizinesi aya. Vanhukadzi vakabatsirikanawo muchirongwa ichi nekupiwa mari yechikwereti shoma. Mari yechikwereti yakawanda inotoda vane zvibatiso uye panofanira kunyorwa gwaro rinoratidza mashandisirwe aonzoitwa mari yacho, zvinova zvinoita kuti vanhukadzi vaomerwe nekuwana zvikereti izvi.
ZVIKAMU 20-25: KUITIRANA ZVICHISIMBA PAKATI PEVANHUKADZI NEVANHURUME		
Panozovsika gore ra2015 hurumende dzinofanira: • Kouna kuti dzaumba mitemo inorambidza kushandiswa kwechisimba kuvanhukadzi nevanhurume, uye kuita kuti vanenge vaita izvi vamiswe pamberi pematara anokodzera. • Kutora matanho ekubvisa zvinokonzero nekukurudzira kuitirana zvechisimba pakati pevanhurume nevanhukadzi. • Kuona kuti dzaumba mitemo ine chekuita nezvekuitirana zvechisimba pakati pevanhukadzi nevanhurume inoita kuti pave nekuvhenekwa, kurapwa nekuchengetwa kwevanenge vambunyikidzirwa kodzero dzavo dzepabonde. • Kuva nehurongwa hwekubatsira vanoitira vamwe zvechisimba kuti vagogona kugarisana zvakanaka. • Kuumba mitemo inodzivirira kutengeswa kwevanhu nekuwanisa tsigiro yakakwana yeavo vanenge vasangana nedambudziko iri. • Kuumba mitemo nezvirongwa zvinobvisa kumbunyikidzwa kwekodzero dzepabonde. • Kuwanisa tsigiro yakakwana kuzvikamu zvole zvinoona nezvekuwanisa kwemashoko nedzidzo inocherechedza vanhukadzi nevanhurume. • Kuderedza huwandu hwekuitirana zvechisimba pakati pevanhukadzi nevanhurume nechikamu chiri pakati nepakati.		✓ Mutemo unodzivisa kuitirana zvechisimba mudzimba wakatangwa kushanda muZimbabwe musi wa25 Gumiguru 2007. Mutemo uyu wakanangana nekuti vanenge vaitirwa zvechisimba vakwanise kuchengetedzwa zvizere pamutemo. Mutemo uyu unobatsira mune zvakananda nekuita zvinotevera: 1) Kudzivirira kubva mune zvekuitirwa zvechisimba zvakanangana nekushandisa vanhukadzi kana vasikana kuripa ngozi; 2) Kudzivirira kuti vanhu vasangotevererwa nekungoshungurudzwa zvisina tsarukano. ✓ Kiriniki inobatsira vanhu vakuru vanenge vabatwa chibharo yakatangwa kushanda muHarare kubvira muna Kurume 2009. Kiriniki iyi inorapa vanenge vabatwa chibharo, vachitaurwa navo navanamazvikokota kuti vagone kutambira zvanenge vaitirwa uye kuvhenekwa kuchitariswa kuti hapana zvirwere zvinenge zvatapurirwa here. Pakiriniki iyi ndipowo zvakare panodzidziswa vanamukoti navachiremba kuti vagone kubatsira vanenge vaitirwa zvechisimba mudzimba dzavanogara. ✓ MuZimbabwe mune matara edzimhosva anoita kuti vakaitirwa zvechisimba vakwanise kupa humbowo vakasungunuka. Kune matara mapfumbamwe akadai mumatunhu ose enyika. Matara aya anoita kuti vanenge vabatwa chibharo kana kuitirwa zvechisimba vape humbowo pasina kuvhundusirwa nanyakupara mhosva kana magweta avo.
CHIKAMU 26: HUTANO		
Panozovsika gore ra2015, hurumende dzinotarisiwa: • Kutsavga nzira dzinocherechedza vanhukadzi nevanhurume dzinodzivirira kutapuriranwa kwehutachiona. • Kuwanisa vanhu vose vane chirwere, vanhurume, vanhukadzi, vakomana nevasikana, mukana wokurapwa HIV neAIDS. • Kuva nezvirongwa zvinocherechedza basa rinoitwa nevanochengeta varwere nekuvapa zvekushandisa nekutsigiro a kurarama kwavo. • Kukurudzira Vanhurume kuti vabatsirewo pukuchengeta nekubatsira varwere.		✓ Gwaro rakatsikiswa muna2009 neUnited Nations Population Fund (UNFPA) yakabatana neveYunivesiti yeZimbabwe rakabuditsa kuti vanhukadzi vanofa pakusungunuka vana muZimbabwe parizvino vanosvika mazana manomwe nemakumi maviri nevashanu pavana zviuru zana vanozvarwa vari vapyenyu. Zvikamu makumi maviri nezvishanu, zvine zvidimbu zvishanu kubva muzana (25.5%) zvendufu idzi dzinokonzereswa neHIV neAIDS, hunova huwandu hwakanyanyisa. ✓ Zvikamu zvina zvine zvidimbu zvinomwe kubva muzana (4.7%) zvevanhukadzi vanosvika zvikamu makumi mapfumbamwe nechimwe (91%) vanonotarisa hutano hwavo apo vanenge vakazvitakura vanenge vachiziva mamiriro avo maererano nekuva kana kusava neHIV vasati vabata pamuviri. Kunyanyorasiwa kweropa mushure mekubatsirwa ndicho chikonzero chechipiri chinokonzeresa kufa kwevanhukadzi, kuchikonzeresa ndufu dzinosvika zvikamu gumi nezvina zvine zvidimbu zvina kubva muzana (14.4%) zvevanhukadzi vanofa pakusungunuka. Chikonzero chechitatu iBP iyo inokonzero kuti zvikamu gumi nezvitanhu kubva muzana (13%) zvevanhukadzi vafe pakusungunuka vana. Kudzivirira nekurapa zvinokanganisiwa pakusungunuka kunogona kuderedza ndufu nezvikamu makumi mana nezvitanhatu kubva muzana (46%). (UNFPA & UZ report 2009) ✓ Mugore ra2002 ongororo yakaitwa neSangano rinoona nezveHutano Pasi rose (WHO) yakabuditsa kuti pane kushomeka kwakanyanya kwevanamazvikokota nevakadzidzira basa muchikamu chezvohutano. Kunyange zvazvo mari yakagoverwa kuBazi rezvohutano yakawedzera pamakore mashanu apfuura, pakushanda kwayo inenge yave shoma nokuda kwekushaya simba kwemari yemuno kwakanyanya uyewo kushandiswa kwave kuitwa mari yekuAmerica (US\$) muno.
CHIKAMU 27: HIV NEAIDS		
Panozovsika gore ra2015, hurumende dzinotarisiwa: • Kutsavga nzira dzinocherechedza vanhukadzi nevanhurume dzinodzivirira kutapuriranwa kwehutachiona. • Kuwanisa vanhu vose vane chirwere, vanhurume, vanhukadzi, vakomana nevasikana, mukana wokurapwa HIV neAIDS. • Kuva nezvirongwa zvinocherechedza basa rinoitwa nevanochengeta varwere nekuvapa zvekushandisa nekutsigiro a kurarama kwavo. • Kukurudzira Vanhurume kuti vabatsirewo pukuchengeta nekubatsira varwere.		✓ Kuchitariswa ongororo yehuwandu wevanhu nehutano muZimbabwe yakaitwa muna2006, kuwanda kweAIDS neHIV kuri pazvikamu gumi nezvishanu zvine zvidimbu zvitatanhu kubva muzana (15.6%), kuchienzaniswa nezvikamu gumi nezvinomwe zvine zvidimbu zvishanu kubva muzana (17.5%) muna2001. Kuwanikwa kweHIV neAIDS kuvanhukadzi kunosvika zvikamu makumi maviri nechimwe zvine chidimbu chimwe chete kubva muzana (21.1%), zvichienzaniswa nekuvanhurume kune zvikamu gumi nezvina zvine zvidimbu zvishanu kubva muzana (14.5%). ✓ Hurongwa hwenyika yose hwezvokuita kuvanhukadzi nevasikana zvine chekuita neAIDS neHIV hwakaumbwa nehurumende hwakamiririra zviri kuitwa nehurumende nemamwe mapoka ane chekuita neAIDS neHIV kuvanhukadzi nevasikana. ✓ Hurumende iri kushanda kukurudzira vanhurume kuti vawedzere kubatsira kwavo pazvirongwa zvekuchengetwa kwevarwere munharunda uyewo kukurudzira kodzero dzevanozvipira havo kuchengeta varwere. Izvi zviri kuitwa kubudikidza nemakomiti eAIDS/HIV akaumbwa mumatunhu makuru nemaduku pamatanho epasi pasi munharaunda, zvese izvi zvichitungamirira neSangano rinoona nezveAIDS munyika (NAC).
CHIKAMU 28: KUUMBA RUNYARARO NEKUYANANISA KUPOKANA		
Panozovsika gore ra2015, matanho anofanira kutorwa ekouna kuti vanhukadzi vawaniswawo mukana wakaenzana wekubatsira pakugadzirisa kusawirirana nekupokana kwevanhu nepakuumba runyararo, uyewo kuti zvakanangana nevanhukadzi nevanhurume zvishandiswewo pakuyanana vanopokana mudunhu reSADC.		✓ Kuburikidza nehurumende yemubatanidzwa, Zimbabwe iri kugadzira mutemo uchitungamirira chirongwa chekuporesa nekuyanana vanhu, uyewo mutemo uyu uchataura zvichaitwa kune vana vaitira vamwe zvechisimba nekuda kwezvematongerwo enyika. Mutemo uyu uchaona nezvokuripwa kwevakaitirwa zvechisimba, kuregererwa kwevaitira vamwe zvechisimba, nekutara nguva yakaitwa izvi. (The Herald, June 2009). ✓ Mutoro wehurumende wekuona kuti nyika inoporeswa nekuyanana vanhu, asi kuti izvi zvitiike zvinodawo rubatsiro runobva kune veruzhinji, vemapoka akazvimirira oga nevemapoka asiri pasi pehurumende (NGOs) munyika. VeResearch and Advocacy Unit, Women's Coalition of Zimbabwe neDASA vari kushanda parizvino kuita ongororo yenyika yose yevanhukadzi vemuZimbabwe nedunhu reSADC yekutsavga zvinofungwa nevanhukadzi pamusoro panyaya yekuporesa nyika. Zvichawanikwa muongororo iyi zvichaendeswa kuchikamu chiri kuona nezvekuporeswa kwenyika. ✓ VeCatholic Commission for Justice and Peace vari kuita chirongwa chekusvika kuneveruzhinji chakanangana nekukurudzira kuti kuve nerunyararo muZimbabwe.
ZVIKAMU 29 - 31: ZVENHAU, MASHOKO NEKUFAMBISWA KWEMASHOKO		
Panosvika gore ra2015: • Mitemo yose inoona nezvenhau, mashoko nekufambiswa kwawo nenziira dzakasiyana-siyana inofanira kucherechedza kuenzana kwevanhukadzi nevanhurume. • Vanhukadzi vanofanira kuva nemukana wakaenzana wekushanda munzvimbo dzose nematanho ose anoona nezvenhau nekufambiswa kwemashoko. • Vanhukadzi nevanhurume vachapiwa mukana wakaenzana wekushandisa chikamu chekufambiswa kwemashoko. • Zvirongwa zvevanhukadzi zvichiitwa nevanhukadzi zvichawedzera uye kufungira kusiko pakusiyana kwevanhukadzi chibvumirano ichi pakugadzirwa kwezviringwa zvenyika imwe neimwe. • Kuunganidzwa kwehumbowo kuti hugozoongororwa nekutariswa. • Chibvumirano ichi chinotarisa kuti nyika imwe neimwe ichatura gwaro kuvakuru veSADC (the Secretariat) pamakore maviri oga oga, rinotaridza zvinenge zvaitwa mukuita kuti zvabvumiranwa zvibudirire.		✓ Kuenzaniswa kwevanhukadzi nevanhurume ndicho chimwe chezvinangwa zvichirongwa chekurudziro che50/50 campaign munyika. ✓ Zvakaoma kuyera kubudirira kwaita kunzaniswa kwevanhukadzi nevanhurume mumasangano anoona nezvenhau, mashoko nekufambiswa kwemashoko nenziira dzakasiyana-siyana nekuti masangano aya mazhinji haana hurongwa hwekucherechedza kuenzana kwevanhukadzi nevanhurume hwakanyatsoti tsvikiti. ✓ Hapana hurongwa hwakanyotsiti tsvikiti kana mutemo unoita kuti vanhukadzi vawanikwewo vakamiririra mumasangano anoita zvenhau nezvekufambiswa kwemashoko muZimbabwe, kunyangwe zvazvo chimwe chezvinangwa zveZimbabwe National Information and Communication Technology Policy Framework, 2005, kuri kuona kuti zvinoshuvirwa uye zvakasanganikwa nazvo nevahukadzi zvese nevanhurume pakugadzirwa nepakuitwa kwehurongwa hwekushandiswa kwemakombiyuta mukufambiswa kwemashoko (ITCs) kuitira kuti zvibatsire vose zvakanangana. ✓ Vanhurume vanotapa nhau ndivo vakanyanyowanda pavashandi vanoita basa iri. Ongororo yakaitwa ichingobata nzvimbo dzakasiyana-siyana yakaitwa neFederation of African Media Women Zimbabwe (FAMWZ) yakatsinhira kuti vatapi venhau vari vanhukadzi vakawanda kubepanhau reHerald uko kwavanosvika zvikamu makumi matatu nezvinomwe kubva muzana (37%).
ZVIKAMU 32 - 35: KUITWA, KUONGORORWA NEKUTARISWA KWEZVIRONGWA		
Panozovsika gore ra2015, matanho anofanira kutorwa ekouna kuti vanhukadzi vawaniswawo mukana wakaenzana wekubatsira pakugadzirisa kusawirirana nekupokana kwevanhu nepakuumba runyararo, uyewo kuti zvakanangana nevanhukadzi nevanhurume zvishandiswewo pakuyanana vanopokana mudunhu reSADC.		✓ Zimbabwe ine hurongwa hwekucherechedza vanhukadzi nevanhurume kubudikidza neBazi rinoona nezvenyaya dzevanhukadzi, kucherechedza vanhukadzi nevanhurume nebudiriro yemunharaunda (Ministry of Women's Affairs, Gender & Community Development). Bazi iri rakambwa muna2005 pamwe chete nekupapo kwevanhu vakanangana nekucherechedza kuenzana kwavanhukadzi nevanhurume mumabazi ose ehurumende akakosha. Kune vanona nezvekucherechedza kuenzana kwevanhurume nevanhukadzi muzvikamu zveveruzhinji nezvevakazvimirira voga vanova ndivoa vanoturirwa nyaya dzose dzine chekuita nevanhukadzi nevanhurume nechinangwa chekuenzanisa zvanotarisiwa. ✓ Muna2004, Zimbabwe yakaparura hurongwa hwenyika yose hwekucherechedza kuenzana kwevanhukadzi nevanhurume (National Gender Policy), paine zvinangwa zvinosanganisira zvinotevera: kubvisa zvirongwa zvole zvisina kunaka zvehupfumi, kugarisana kwevanhu, mitemo nematongerwo enyika, zvetsika nezvechitendero zvinoita kuti pasave nekuenzana nekufanana pakati pevanhukadzi nevanhurume; kuenzanisa vanhukadzi nevanhurume muzvirongwa zvebudiriro kuitira kuti pave nekuenzana nekufanana uye kupiwa masimba kuvanhukadzi nevanhurume muZimbabwe

Kukosha kwemitemo yekucherechedza vanhukadzi nevanhurume

Mutemo weSADC unoona nezvekucherechedza vanhukadzi nevanhurume wakasimudzira chibvumirano cheSADC chiri pamusoro pekucherechedza Vanhurume neVanhukadzi neBudiro kuti uve ndiwo mutemo wakanyanya kusimba pamitemo yose yeSADC. Nema kumi maviri nesere ezvinhu zvakatariwa panyaya yekuenzanisa vanhukadzi nevanhurume panozosvika gore ra2015, chironzwa ichi ndicho chekutanga pasi rose uye chinoisa SADC pamberi panyaya dzemafungiro matsva nekuona kuti zvitsidzo zvinoitwa pasi rose zvive nezvazvinoreva padanho renyika dzine mubatanidzwa mudunhu.



Vemapoka anomirira veruzhinji muchironzwa che mitemo yeSADC inoona nezvekucherechedza vanhukadzi nevanhurume

VeSouthern African Gender Protocol Alliance (Alliance)¹, muunganizwa wemapoka anopfuura makumi mana, emunyika nemudunhu asinei nechekuita nehurumende anoona nezvekucherechedzwa kwevanhukadzi nevanhurume ayo akatanga kurudziro kubva mugore ra2005 yekuti mitemo yeSADC iyi itambirwe nekubvumirana kuti ive inosungirwa nemitemo yenyika dzeSADC.

Muunganidzwa uyu unoshanda kubudikidza nekurongana kuita zvimapoka zvidiki zvidiki zvine chinangwa, zvichitungamirira nenhengo dzinenge dziri mukomiti inofambisa basa.

Komiti inofambisa basa inoubwa nemasangano anotevera:

- Gender Links - ndiro sangano rinotungamirira zvirongwa zvose: uyewo vachitungamirira boka diki rinoona nezvekuitirana zvechisimba pakati pevanhukadzi nevanhurume.
- Zimbabwe Women Resource Centre and Network - ndiro sangano rinotungamirira boka diki rinoona nezvekucherechedzwa kwevanhukadzi nevanhurume mukuenzaniswa kwezvehupfumi.
- Gender Advocacy Programme - vanotungamirira boka diki rinoona nezvekucherechedzwa kwevanhukadzi nevanhurume mukufambiswa kwebasa remuhurumende.
- Gender and Media Network Southern Africa - vanotungamirira boka diki rinoona nezvekucherechedzwa kwevanhukadzi nevanhurume munyaya dzekubuditsa nhau.
- SAfAIDS - vanotungamirira boka diki rinoona nezvekodzera dzehutano, bonde nekubereka kwevana uyewo HIV neAIDS.
- WLSA - vanotungamirira boka diki rinoona nezvebumbiro remitemo nekodzera dzemitemo.

Kana munezvimwe zvamunoda kuziva endai pa www.genderlinks.org.za

Kana kunyorera: alliance@genderlinks.org.za

Runhare: 27 (0) 11 622 2977

¹ Muunganidzwa weSADC Gender Protocol Alliance unosanganisira: Association of Local Government (ALAN); African Women's Economic Policy Network (AWEPON); Botswana Council of NGOs (BOCONGO); Christian Council of Mozambique; CIVICUS; Federation of African Media Women (FAMW) - SA; GAP; Gender Links (GL); Gender and Media Southern Africa Network (GEMSA); Gender Policy Program Committee (Botswana); Justice and Peace (Lesotho); Malawi Council of Churches; Media Institute of Southern Africa (MISA); NGO Gender Coordination Network Malawi; SAfAIDS; SAMDI; SALGA; Society for Women and AIDS in Africa Zambia (SWAAZ); Trade Collective; Women in Law and Development in Africa (WILDAF); Women in Law in Southern Africa (WLSA); Women, Land and Water Rights Southern Africa (WLWRSa); Namibia Non-Governmental Forum (NANGOF); Women's Net; Young Women's Christian Association Botswana (YWCA); Zimbabwe Women Lawyers Association; Zimbabwe Women's Resource Centre (ZWRCN). Associate Members: African Women and Child Feature Service; Swedish Cooperative Centre - Southern Africa; Diakonia (Zambia).

